# मैथिली

## प्रश्न-पत्र–I

## ( साहित्य )

समय : तीन घंटा

पूर्णाङ्क : 250

### प्रश्न-पत्र विषयक विशेष निर्देश

**प्रश्नक उत्तर लिखबाक पूर्व कृपया निम्नलिखित निर्देशकेँ सावधानीपूर्वक पढ़ि लियऽ**

एतय दू खण्ड (Section)मे विभक्त कुल **आठ** प्रश्न अछि।

अभ्यर्थी कुल **पाँच** प्रश्नक उत्तर देथि।

प्रश्न संख्या **1** तथा प्रश्न संख्या **5** अनिवार्य अछि। शेष प्रश्नमेसँ **तीन** प्रश्नक उत्तर लिखू, जाहिमे प्रत्येक खण्ड (Section)सँ कम-सँ-कम **एक** प्रश्नक चयन आवश्यक अछि।

प्रश्न/खण्डक निर्धारित अंक ओकरा समक्ष निर्दिष्ट कयल गेल अछि।

उत्तर **मैथिलीमे** लिखब अनिवार्य अछि।

जतय निर्दिष्ट हो, शब्द-सीमाक अनुपालन अपेक्षित अछि।

उत्तरित प्रश्नक गणना क्रमानुसार कयल जायत। यदि काटल नहि गेल हो, तँ अंशतः लिखित उत्तरोकेँ गणना कयल जायत। प्रश्न-सह-उत्तर पुस्तिकाक कोनो रिक्त पृष्ठ अथवा कोनो पृष्ठक रिक्त भागकेँ अवश्य काटि दी।

# MAITHILI

## PAPER—I

## ( LITERATURE )

Time Allowed : Three Hours

Maximum Marks : 250

### QUESTION PAPER SPECIFIC INSTRUCTIONS

**Please read each of the following instructions carefully before attempting questions**

There are EIGHT questions divided in two Sections.

Candidate has to attempt FIVE questions in all.

Question Nos. **1** and **5** are compulsory and out of the remaining, THREE are to be attempted choosing at least ONE from each Section.

The number of marks carried by a question/part is indicated against it.

Answers must be written in MAITHILI.

Word limit in questions, wherever specified, should be adhered to.

Attempts of questions shall be counted in sequential order. Unless struck off, attempt of a question shall be counted even if attempted partly. Any page or portion of the page left blank in the Question-cum-Answer Booklet must be clearly struck off.

## SECTION—A

**1.** निम्नलिखित विषयपर टिप्पणी लिखू (लगभग *150* शब्द धरि) : 10×5=50

(*a*) मैथिली ओ बंगलाक पारस्परिक सम्बन्ध

(*b*) प्राकृत भाषा ओ अर्द्धमागधी

(*c*) प्राचीन मैथिलीक विशेषता

(*d*) मैथिली क्रियाक भेद आ विशेषता

(*e*) मैथिली भाषाशास्त्र

**2.** (*a*) तिरहुताक महत्त्व ओ ओकर वर्त्तमान स्थितिपर विस्तारसँ विचार करू। 20

(*b*) मैथिली सर्वनामक विश्लेषण करू। 15

(*c*) भारोपीय भाषा-परिवारक विश्लेषण करैत एहिमे मैथिलीक स्थान निरूपित करू। 15

**3.** (*a*) मैथिली भाषाक आदि आ मध्यकालक प्रसंग सविस्तार मन्तव्य दिअ। 20

(*b*) संस्कृत भाषासँ मैथिली प्रभावित अछि—प्रमाणित करू। 15

(*c*) मैथिली एक स्वतंत्र ओ समृद्ध भाषा थीक, 'भाषा'क कसौटीपर एकरा सिद्ध करू। 15

**4.** (*a*) मैथिली भाषाक विकासमे अवहट्ठक योगदानक सम्यक् मूल्यांकन करू। 20

(*b*) मैथिली आ असमिआ भाषाक सम्बन्धपर तथ्यात्मक विवरण दिअ। 15

(*c*) भाषाक परिभाषा दैत बोलीसँ ओकर पार्थक्य देखाउ। 15

## SECTION—B

**5.** निम्नलिखित विषयपर टिप्पणी लिखू (लगभग *150* शब्द धरि) : 10×5=50

(*a*) मैथिली साहित्यमे कृष्णकाव्य

(*b*) मैथिलीमे प्रबन्धकाव्यक विकास

(*c*) मैथिली निबन्धक विषयगत वैविध्य

(*d*) मैथिली नाटकक विकास

(*e*) मैथिलीक संस्मरण साहित्य

6. (a) सिद्ध साहित्यक ऐतिहासिक पृष्ठभूमिपर सविस्तार विचार करू। 20

(b) मैथिली साहित्यक काल-विभाजनपर विचार करैत अपन अभिमतसँ अवगत कराउ। 15

(c) मैथिलीमे पत्रिका एवं शोधपत्रिकाक स्थितिक समीक्षा करू। 15

7. (a) विद्यापतिक व्यापक प्रभाव मिथिले धरि सीमित नहि रहल ; एहि उक्तिकेँ पल्लवित करू। 20

(b) मध्यकालीन मैथिली नाटकक उद्‌भव ओ विकासक संक्षिप्त रूपरेखा प्रस्तुत करू। 15

(c) मैथिली लोक-साहित्यक समृद्धि प्रतिपादित करू। 15

8. (a) मैथिली उपन्यासक विकासपर विस्तारसँ प्रकाश दिअ। 20

(b) सुधांशु 'शेखर' चौधरीक नाट्यशिल्पक विशेषता देखाउ। 15

(c) मैथिलीमे मुक्तक काव्यक विकासक समीक्षा करू। 15

★ ★ ★